# «Qaraqalpaq balıq sanaat»: Kárxananıń dáslepki nátiyjeleri qanday?

Bıyıl «Qaraqalpaq balıq sanaat» JShJ tárepinen ulıwma bahası 16 milliard sumlıq intensiv usılda balıq jetistiriw hám qayta islew joybarı iske túsirilgen edi. Bul ushın kárxanaǵa 1,3 gektarlıq jer ajıratıldı. Qarjılardıń 7 mlrd. sumı qurılıs jumıslarına, 9 mlrd. sumı ásbap-úskeneler alıp keliwge jumsaldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Kárxana sentyabr ayında iske túsirilip, 35 jańa jumıs ornı jaratıldı. Házirgi waqıtta dáslepki nátiyjeler kózge kórine basladı.

– Joybardıń jıllıq quwatlılıǵı oǵada úlken. Inkubaciya cexında 50 million dana balıq lichinkaların alıwǵa boladı,-deydi «Ózagroinspekciya»nıń Qaraqalpaqstan Respublikalıq basqarmasınıń Sharwashılıqta násilshilik jumısların qadaǵalaw bólimi  bas inspektorı T.Tólepbergenov. – Olardı 24 gektarlıq reproduktivlik háwizlerde saqlap, hár gektardan ortasha 300 mıń danadan, jámi 7 million dana balıq shabaqların, jabıq suw aylanıw sisteması (UZV)nda 200 tonnalıq tovar balıq jetistiriw hám balıqlar ushın 5000 tonna bayıtılǵan juǵımlı jem islep shıǵarıw arqalı qosımsha 1500 tonna tovar balıq jetistiriwge erisiledi.
2500 tonna balıqtı qayta islew arqalı balıq ónimlerin (file, farsh, keptirilgen, kotlet, teftel, balıq tayaqshaları) islep shıǵaradı. Sonday-aq, 1000 tonnalıq balıqtı saqlaw quwatlılıǵına iye muzlatqıshlar ornatıldı.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi